# КИТАП - ӨТМИШИМИЗ, БҮГИНИМИЗ ҲӘМ КЕЛЕШЕГИМИЗ

**Аманбаева Альбина Нағметбаевна**

НМПИ Мәлимлеме ресурс орайы, Мәлимлеме китапхана ресурслары менен хызмет көрсетиў бөлими китапханашысы.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.11199920***

***Аннотация.*** *Адам өмиринде китаптың әҳмийети ҳаққында. Жасларды китап қумарлық мәдениятына тәрбиялаў, балаларды китап оқыўға қызықтырыў кереклиги ҳаққында сөз етилди.*

***Таяныш сөзлер:*** *китап, китапқумарлық, дүнья жүзи, мәмлекет, көрнекли, кәмил инсан, илимли, билимли, китапқумарлық мәденияты.*

## THE BOOK IS OUR PAST, PRESENT AND FUTURE

***Abstract.*** *About the importance of books in human life. It was talked about the need to educate young people to the culture of book-loving, to make children interested in reading books.*

***Key words:*** *books, bibliophile, worldly, state, prominent, perfect person, scholar, educated, bibliophile culture.*

## КНИГА – НАШЕ ПРОШЛОЕ, НАСТОЯЩЕЕ И БУДУЩЕЕ

***Аннотация.*** *О значении книг в жизни человека. Говорилось о необходимости прививать молодёжи культуру книголюбия, заинтересовывать детей чтением книг.*

***Ключевые слова:*** *книги, библиофил, мирской, государственный, выдающийся, совершенный человек, ученый, образованный, библиофильская культура.*

---

Китап-бул әпиўайы сөз болып көрингени менен, бул сөздиң артында қанша мәни жатыр. Адам сана сезими оянар екен яғный әййемги дәўирлерден баслап-ақ инсанлар өзлери туўралы мағлыўматлар қалдырғысы келип, китаплардың ҳәр түрли вариантларын ислеп, жазыўлар жазған. Ҳәм оларды сақлап, кейинги әўладларға жеткериўге ҳәрекет еткен.

Инсанларда сол дәўирлерден баслап китапқа деген қызығыўшылық кем-кемнен артып отырған. Ҳәм бизиң дәўиримизге келип жеткен. Себеби, дүньяның алға илгерилеўи усы бир неше бетлерден қуралған иши толы жазыўлардан ибарат болған китапларға келип тақалады.

Китап кәсип таңламайды, дүньяда қандай тараў болсада сол тараўға ямаса кәсипке байланыслы китаплар дөрелип отырады.

Биз тарийхтан билемиз буннан бир неше әсирлер бурын жасап өткен инсанлардан баслап, олардың дүньяда барлығын, жасап өткенлигин, қалай ат қалдырғанлықларын,

қандай инсанлар болып жасағанлығын әўладтан-әўладқа жеткериў ушын тек ғана китапқа жазылыў арқалы келешек әўладқа жеткере алатуғынлығын билген ҳәм китапханалар шөлкемлестирген.

Китаптың жазылып басланыўының тарийхына қарасақ б.э. шекемги 322-жылларда да болғанлығы белгили. Аристотельдиң өзи поэтика, риторика, әдебият теориясы, сөйлеў мәденияты ҳаққында китаплар дөреткен.

Дүнья жүзиндеги көплеген мәмлекетлерде китапханаларды ең саўатлы адамларға ғана тапсырған. Ҳәр бир мәмлекетте китап дүньясы сол мәмлекеттиң үлкен байлығы болып есапланған. Себеби, китап инсанларға руўхый азық береди, көз-қарасын өзгертеди, сана-сезимин раўажландырып, жетик кәмил инсанлар болып жетилисиўине жол көрсетеди.

Руўхый азық алыў нәтийжесинде халық аш-әптада турмыста жасап атырса да руўхый дүньясы бай болса, олар барлық қыйыншылыққа төзим берип жасай алады.

Киноларды алып қарасақта буннан бир неше жыллар, әсирлер бурынғы дәўирди өз ишине алатуғын кинофильмлерде бас рольлерди атқаратуғын бай адамлардың жеке кабинетине нәзер салсақ, сол бөлме қатар-қатар китаплар менен толып турады және үйинде санаўлы адамларға ғана сол бөлмеге кириўге рухсат етилген. Буннан жуўмақ шығарсақ барлық дәўирлерде де китап бийбаҳа байлық есабында қәдирленгенин аңлаўымызға болады.

Алийшер Наўайыны, Пушкин, Лермонтовты, Мақтумқулы, Абайды, Бердақ пенен Әжинияз бабаларымызды көрмесекте олардың китапларын оқыў арқалы олардың көз-карасларын, ишки дүньясын түсинемиз. Себеби, олардың жетик, көрнекли инсанлар болып жасағанлықларын шығармалары, китаплары дәлийллейди.

Расында да ҳәр бир инсан билимли, илимли, кәмил инсан болып жетилисиўи ушын китаптан пайдаланады. Соның ушында китап бул - бизиң бийбаҳа байлығымыз!

Бүгинги күнге келип, Ҳүрметли Президентимиздиң қоллап қуўатлаўы менен китапқа және де китапқумарлыққа деген итибар сезилерли дәрежеде артып бармақта.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 7-июньдағы PQ-4354-санлы қарары менен 21-май сәнесин **КИТАПХАНАШЫЛАР** күни деп белгилеп, бунда китапханашыларды көп жыллық ҳадал мийнети ҳәм мәлимлеме-китапхана тараўын раўажландырыўға қосқан үлеси ушын мәмлекет саўғалары менен сыйлықлаў ҳәм хошаметлеў белгиленди.

Бул қарардың шығыўы бизиң Мәлимлеме-ресурс орайымыз ушын да үлкен әҳмийетке ийе болды, себеби, 2022-жылы 21-май сәнесинде, Институтымыз ушын көп жыллық ҳадал мийнети ҳәм мәлимлеме-китапхана тараўын раўажландырыўға қосқан үлеси

ушын Мәлимлеме-ресурс орайымыздың Сырт ел мәлимлеме китапхана ресурслары менен ислесиў бөлими баслығы Рита Аманбаева «Кутубхона алочиси» көкирек нышаны менен сыйлықланды. Бул сыйлықтың берилиўи Мәлимлеме-ресурс орайымызда ислеўши ҳәр бир хызметкерди руўхландырып жиберди. Себеби, бул китапханашыларға болған итибар еди.

Өзбекстан Республикасы Министрлер кабинетиниң 2020-2025 жылларда китапқумарлық мәдениятын раўажландырыў ҳәм қоллап қуўатлаў миллий бағдарламасын тастыйықлаў ҳаққында 2020-жыл 14-декабрдеги 781-санлы қарарына тийкарланып Өзбекстан Республикасында 2021-жылдан баслап ҳәр жылы апрель айының биринши ҳәптеси «Китапқумарлық ҳәптелиги» деп белгиленсин деген қарарға тийкарланып, ҳәр жылы апрель айы биз китапханашылар ушын жүдә айрықша ай болып есапланатуғын болды.

Ҳәзирги дәўир технологияның раўажланған дәўири. Балалардың дыққатын тартатуғын көплеген технологиялық исленбелер бар. Булар жас өспирим балаларымызды шалғытады. Бирақ, буларда керек себеби, балаларымыздың заман менен тең қәдем атыўын қәлеймиз, бирақ көркемлеп жазылған, қәлеген орталықта, үйде, китапханада, оқыў процесинде пайдалана алатуғын көркем әдебияттай болып инсан санасына-ақылына унамлы тәсир жасай алмайды.

Соның ушын жас әўладларымызды көбирек ўақтын китап оқыўға бөлиўине қызықтырыўымыз ҳәм бағдарлаўымыз керек.

Жуўмақлап айтқанда китап бул - өтмишимиз, бүгинимиз ҳәм келешегимиз. Себеби өтмишимизден үйренемиз, сабақ аламыз ҳәм тәжирийбе арттырамыз. Бүгинги күнги жетискенликлеримизди мақтаныш етемиз. Келешек әўладларға жақсы китаплар қалдырыўға ҳәрекет етемиз. Жас әўладларды китап қумарлыққа тәрбиялаўдың үлкен әҳмийети бар. Китаптан ҳәм ондағы келтирилген типик яки жеке индивидуал характердеги образлардан нызамлы түрде тәсирленип отырасаң. Китап - адамзат өмириниң үлкен тәрбияшысы болып хызмет етеди.

## REFERENCES


1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. - Т.: “ Ўзбекистон”, 2016.
2. Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб - интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятини кундалик қоидаси бўлиши керак. - Т.:” Ўзбекистон”, 2017
3. Mirziyoyev Sh.M Buyuk kelajagimizni mard va oliy janob xalqimiz bilan birga quramiz T “:O’zbekiston” 2016

4. Ayımbetov H. Xalıq danalıǵı Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası. 1988j.
5. Қабдолов З. Таңдамалы шығармалар. Сөз өнери I том. Алматы. «Жазушы» 1983.
6. Крутецкий В.А. Психология Нөкис. «Билим» 1991. (Аўдарған Т.Сапарбаев)
7. Қазақбаев С. Көркем оқыў Нөкис. «Қарақалпақстан» 2012.

**Internet saytları:**

8. www. tdpu. Uz
9. www. pedagog. Uz
10. www. Ziyonet. uz